

***Pangajaran Nyaritakeun Deui Carita Fabel Ngagunakeun Alat Peraga Boneka
di Kelas VII SMP Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2017/2018***

Ku:

Intan Munawaroh

RINGKESAN

Fabel nyaeta mangrupa carita fiksi mangrupa carita kahirupan sasatoan oge ngadugikeun pesan moral. alat peraga boneka mangrupa salah sahiji objek anu dipake pikeun meragakeun dina pangajaran. Dina hal ieu, pangarang ngayakeun panalungtikan ngeunaan “Pangajaran Nyaritakeun deui Carita Fabel Ngagunakeun Alat Peraga Boneka di Kelas VII SMP Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2017/2018”. Masalah anu pangarang rumuskeun nyaeta: naha mampu ngarencanakeun, milampah, sarta meunteun pangajaran nyaritakeun deui carita fabel ngagunakeun alat peraga boneka di kelas VII SMP Pasundan 1 Bandung, boh di kelas eksperimen atanapi di kelas kontrol? Padika anu dianggo dina panalungtikan ieu nyaeta padika eksperimen nu leres, bentukna nguji rekayasa, observasi, nguji, sarta analisis. Hasil panalungtikanna nyaeta: Pangarang bisa ngarencanakeun sarta milampah pangajaran. Ieu dibuktoskeun ku pangarangna dina ngarencanakeun nilai pangarang 3.72 sarta dina milampah nilai pangarang 3.70 kalayan rata-ratana 3.71 kaasup kategori sae kalintang (A). Alat peraga boneka epektip digunakeun dina pangajaran nyaritakeun deui carita fabel. Ieu dibuktoskeun dina tes nu ti payun sareng tes nu ahir kelas eksperimen sareng kelas kontrol. Tes nu tipayun dina kelas eksperimen rata-rata peunteunna 64 sarta tes nu ahir rata-rata peunteunna 88, bari tes nu ti payun di kelas kontrol rata-rata peunteunna 70. Ieu oge dibuktoskeun dina hasil indeks gain. Kategori pangluhurna dina kelas eksperimen aya 12 responden, sedengkeun kategori pangluhurna dina kelas kontrol 4 responden. Dumasar data ieu, anu pangarang simpulkeun yen pangajaran nyaritakeun deui isi carita fabel ngagunakeun alat peraga boneka di kelas VII SMP Pasundan 1 Bandung parantos dilaksanakeun sarta sukses.

Kecap konci: Alat peraga boneka, carita fabel, nyaritakeun deui